

# OU FÈT POU KONN DWA W

## Patisipasyon Imigran nan Manifestasyon

NOVANM 2020

**T**radisyonèlman, imigran yo toujou patisipe nan mouvman rezistans kont opresyon nan peyi Etazini, yon rezistans ke byen souvan se kominate Nwa yo ki alatèt li. Òganizasyon ak patisipasyon politik se libète tout moun kap viv nan peyi Etazini, ansam ak imigran yo, gen dwa pou yo jwi. Toutfwa, rapò sou **prezans** ak **siveyans** Depatman Sekirite Enteryè Ameriken (Department of Homeland Security, DHS) ansam ak Kontwòl Imigrasyon ak Dwàn Ameriken (Immigration and Customs Enforcement, ICE) nan kokennchenn manifestasyon an solidarite ak lavi moun Nwa (Black lives) nan kòmansman ane sa a, avèk tou prezans ajan lòd lokal ak twoup federal yo, kreye ris pou imigran ki gen entansyon patisipe nan manifestasyon alavni.<sup>1</sup>

Imigran yo, ikonpri moun ki san papye yo, fè fas ak plis ris toujou, si yo ta vin gen entèrakson ak otorite ki ranfòse lalwa yo, paske kèlkeswa entèrakson an, menm si li pa ta mennen a yon akizasyon kriminèl oswa yon arrestasyon, sa kapab mennen a yon depòtasyon. Resous sa a sou konnen dwa w yo bay imigran ak alye yo bon jan enfòmasyon pou imigran yo kapab *konnen dwa yo, konprann ris ki ka genyen lè yo patisipe nan manifestasyon, epitou pou yo santi yo abilite pou patisipe nan yon fason ki siyifikatif, san danje epi konplètman nan demokrasi nou an.*

### Ki dwa imigran ansam ak imigran ki san papye genyen pou yo patisipe nan manifestasyon?

- **Dwa pou libète pou yo eksprime yo.** Premye Amandman nan Konstitisyon Ameriken an entèdi gouvènman an pou l limite dwa libète w pou w eksprime w. Sa vle di *ou gen dwa pou patisipe nan manifestasyon politik, nan mach ak nan rasanbleman*. Premye Amandman an pwoteje tou libète laprès (pami lòt dwa yo). Dwa sa yo aplikab pou tout moun kap viv nan peyi Etazini, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Toutfwa, tribunal yo pa konsistan lè yap jistifye dwa imigran yo jan Premye Amandman an mande l la. Kidonk, moun ki san papye yo dwe planifie avèk pridans, paske yo pa kapab konte sou tribunal yo pou pwoteje dwa Premye Amandman yo a.
- **Dwa pou jwenn pwoteksyon kont reprezay.** Premye Amandman an entèdi tou pou gouvènman an fè okenn reprezay kont ou poutèt ou egzèse dwa libète w pou eksprime w e pou manifeste. Sepandan, administrasyon Trump lan arete lidè imigran, aktivis ak etidyan yo kòm yon fòm reprezay kont yo poutèt yo te pale kont politik imigrasyon l lan. Kidonk si w gen enkyetid parapò ak sitiyasyon imigrasyon ou, ou dwe reflechi ak anpil atansyon sou ris yo, kreye yon plan pou sekirite w, e petèt menm konsilte yon avoka de konfyans ki espesyalize sou kesyon imigrasyon lè wap deside si pou ta patisipe nan manifestasyon ki pral atire anpil atansyon.
- **Dwa pou kenbe silans ou.** Daprè Senkyèm Amandman an, ou gen dwa pou kenbe silans ou e pou refize reponn kesyon otorite ki ranfòse lalwa yo, ki gen ladan, polisyè ak ajan imigrasyon yo, poze w. Si yon ofisyè oswa ajan ki ranfòse lalwa kòmanse poze w kesyon, repons ou dwe bay se, "Mwen konnen dwa m genyen pou m kenbe silans mwen, e mwen vle egzèse dwa sa a."

LOS ANGELES (Syèj Sosyal)  
 3450 Wilshire Blvd. #108 – 62  
 Los Angeles, CA 90010  
 213 639-3900  
 213 639-3911 fax



WASHINGTON, DC  
 P.O. Box 34573  
 Washington, DC 20043  
 202 216-0261  
 202216-0266 fax

- **Dwa pou refize konsanti a yon fouy.** Katriyèm Amandman an pwoteje w kont tout fouy ak sezi byen w ki pa rezonab. Ou pa oblige konsanti pou yo fouye w oswa pou yo fouye byen w. Si otorite ki ranfòse lalwa mande w pou yo fouye w oswa pou yo fouye byen w yo, ou dwe sèlman reponn klèman pou refize konsanti, epi di “Mwen pa konsanti ak fouy sa a.” Konprann tou ke yon ofisyè ka mande w endirèkteman, pou fè yon bagay ke si w fè l, yo kapab entèprete l tankou yon konsantman a yon fouy. Toujou sonje si, pa egzanp, yon ofisyè di w, “Vide pòch ou,” oswa si li poze w kesyon sou byen w tankou, “Kisa ki anndan valiz ou?”
- **Dwa pou pale ak yon avoka.** Si yo arete w oswa kenbe w an detansyon, ou gen dwa pou w kontakte yon avoka. Ou ka sèlman di, “Mwen bezwen pale avèk avoka mwen.”

## Ki pi bon pratik pou w pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun pandan nou nan yon manifestasyon?

Si wap patisipe nan yon manifestasyon, nan mach, nan rasanbleman, oswa nan nenpòt lòt kalite manifestasyon piblik, pa blye sa nou pral site annapre a:

### Òganize préparatif yo

- **Kreye yon plan sekirite anvan w asiste a yon manifestasyon.** Ou dwe genyen (1) kowòdone yon avoka ki fasil pou w jwenn ak (2) yon plan aktif pou adrese bezwen w genyen pou gad timoun oswa pou adrese lòt bezwen. Si w prale nan manifestasyon an ak lòt moun, kreye yon plan pou n pwoteje youn lòt.
- **Mache ak yon dokiman papye ki gen lis resous yo ladan 1.** Resous sa yo dwe genyen ladan yo enfòmasyon sou pwogram asistans fon pou kosyon ak òganizasyon ki bay sipò jiridik.
- **Konnen kiyès kap òganize evènman an epi kenbe kowòdone** òganizatè yo oswa lòt rezo sipò lokal yo, si li disponib.
- **Konnen pakou manifestasyon an ak sòti sekou yo.<sup>2</sup>**

### Prekosyon konsènan vi prive ak rezo sosyo

- **Kite aparèy pòtatif yo lakay ou oswa dezaktive opsyon pou rekonèt vizaj ak anprent yo.** Si ou dwe mache ak yon telefòn selilè nan manifestasyon an, ou dwe dezaktive sistèm ki pèmèt rekonèt vizaj ak anprent lan yon fason pou aparèy ou a kapab sèlman aksesib ak yon kòd verouyaj. Sa diminye sou pwobabilite pou otorite ki ranfòse lalwa yo aksede a enfòmasyon nan telefòn ou san konsantman w.
- **Itilize aplikasyon pou mesaj ki kode lè wap kominike osijè manifestasyon an.** Gen kèk aplikasyon pou mesaj, tankou Signal ak WhatsApp, ki kode mesaj ou yo epi rann li pi difisil pou lòt moun kapab gen aksè a echanj mesaj sa yo.
- **Evite poste foto sou entènèt ki montre patisipasyon w nan manifestasyon.** Otorite ki ranfòse lalwa, ansanm ak ajan imigrasyon, kapab siveye kont rezo sosyal ou epi itilize nenpòt ki pòs ou afiche sou entènèt la kont ou.
- **Ou fèt pou konn dwa w ak lwa eta yo konsènan dokiman ki montre foto ak videyo lapolis.<sup>3</sup>** Se vre ou gen dwa pran foto ak videyo an piblik, sepandan lwa nan diferan eta yo varye sou kesyon si yo konsidere sa ki nan videyo ou te pran an piblik kòm prive epi si yo ka egzije w pou w remèt kontni sa yo bay lapolis.<sup>4</sup>

## Entèraksyon ak ajan oswa ofisyè ki ranfòse lalwa

- **Ou pa oblige reponn okenn kesyon, men ou ka oblige bay yon pyès idantite (gade pi ba a).** Ou kapab di wap egzèse dwa w pou w kenbe silans. *Piga bay okenn enfòmasyon ki pa kòrèk.*
- **Si yo kanpe w, mande si w lib pou w ale.** Ale si repons la se wi. Pa deplase san w pa mande. Si repons la se non, yo kenbe w an detansyon e ou pa dwe reponn okenn kesyon. Mande pou w pale ak yon avoka e piga siyen okenn dokiman oswa bay okenn enfòmasyon volontèman.
- **Piga aksepte pou yo fouye w.** Si yap manyen w pou fouye w, endike klèman ou pa konsanti pou ofisyè fouye w oswa fouye nan bagay pèsonèl ou.
- **Piga siyen anyen** san w pa pale ak yon avoka dabò e asire w ou byen konprann sa ki nan dokiman an. Mande pou yo ba w yon kopi ki tradwi si w pa li Anglè.
- **Piga itilize fòs ni fè rezistans, menm si ou panse yap vyole dwa w.** Ekri pito tout sa ki pase pandan ensidan an epi kontakte yon avoka pou evalye opsyon legal ki disponib pou ou.
- **Piga plede kont yon akizasyon yo pote sou ou nan tribinal** amwenske ou te pale ak yon avoka e ou konprann konsekans pledwaye w la ap genyen sou kesyon imigrasyon.

### Idantifye tèt ou

- **Gen kèk eta ki egzije pou w idantifye tèt ou.** Konnen alavans si eta ou ladan l lan genyen egzijans sa a, oswa si ou ka kenbe silans.<sup>5</sup> Si w dwe idantifye tèt ou, ou ka prezante yon pyès idantite eta ou ladan l lan te ba ou oswa yon lòt dokiman yo emèt nan peyi Etazini.
- **Piga bay okenn enfòmasyon oswa dokiman ki fo.** Ou pa oblige revele enfòmasyon sou estati imigrasyon w, peyi kote w soti, dat ou fèt, dat ou te antre Ozetazini, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon. Egzèse dwa w pou w kenbe silans.
- **Si ou pa gen papye, evite mache ak dokiman ki soti nan lòt peyi.** Yo kapab itilize dokiman ki soti nan lòt peyi ki pa Etazini pou pwouve ou pa yon sitwayen Ameriken. Si w an detansyon epi w genyen sou ou yon paspò oswa yon lòt dokiman idantite ki soti nan yon lòt peyi ki pa Etazini, ou kapab egzèse dwa w pou w kenbe silans e pou w pa reponn okenn kesyon jiskaske yon avoka prezan.

REMAK: Imigran ki san papye ki nan peyi Etazini depi mwens ke de (2) lane dwe okouran **nouvo politik, ki anvigè depi Oktòb 2020**, ki pwolonje *pwoesis ranvwa akselere* (yon pwoesis ki pèmèt ICE depòte w san yon odyans).<sup>6</sup> Sonje sa lè wap deside ki dokiman pou w mache avè l ak ki dokiman wap kite lakay ou. Nou sigjere w chèche jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo konsènan pwoesis pwolonje pou ranvwa akselere ak **pi bon pratik konsènan transpò kèk dokiman**.<sup>7</sup> Epitou nou sigjere w konsilte yon avoka imigrasyon si w santi politik sa a ka afekte w.

- **Si w se yon rezidan pèmanan legal, ou dwe kenbe “kat rezidans (grinkat)” ou sou ou.** Lwa federal egzije pou rezidan pèmanan legal yo kenbe sou yo prèv ki montre estati yo kòm rezidan pèmanan legal, oswa “kat rezidans (grinkat).”

### Lòt ris

- **Menas pou reprezay.** Kontakte yon òganizasyon defans si w kwè w se yon sib akoz patisipasyon w nan yon manifestasyon. Asire w ke ou dokimante tout sa ki pase konsènan arrestasyon w lan ansanm ak tout enfòmasyon ki konsène patisipasyon w nan ensidan ki mennen a arrestasyon an.

- **Ris ki gen rapò ak imigrasyon si w se yon moun ki san papye:**
  - Si ajan ICE yo preznan manifestasyon an e yo vin konnen ou pa gen papye, yo kapab arete w. Selon **Memorandòm ICE sou sit sansib yo**,<sup>8</sup> ICE pa dwe entèwoje, arete, oswa fouye moun ki nan manifestasyon piblik. Sepandan, daprè yon deklarasyon politik jeneral, Memorandòm sou sit sansib la pa totalman pwoteje moun kont aplikasyon lalwa ICE nan jan de evènman sa yo. Ni nonplis tou sa pa anpeche ICE pou l **prezan nan manifestasyon yo**.<sup>9</sup> Se pou sa li kritik ou w egzèse dwa w pou w kenbe silans epi pran prekosyon lè wap pale, sitou sou estati imigrasyon w.
  - Nenpòt entèrakson ak otorite ki ranfòse lalwa yo kapab mennen a yon rankont ak ICE, menmsi ou pa komèt yon krim, oswa menmsi yo pa pote akizasyon kont ou poutèt yon vyolasyon.
- **Ris ki gen rapò ak imigrasyon si w gen yon estati legal kòm imigran.** Si yo kondane w nan yon tribinal akoz yon vyolasyon yo te akize w ke ou te komèt pandan yon manifestasyon, kondanasyon an ka gen konsekans sou imigrasyon, ki kapab menm fè yo depòte w.

### **Kiyès ou ta dwe kontakte si yo fè reprezay kont ou oswa si yo sible w paske w patisipe nan manifestasyon?**

Si yo arete, kenbe an detansyon, oswa fè reprezay kont ou menm oswa kont yon moun pwòch ou, akoz patisipasyon nou nan manifestasyon, kontakte **gwoup defans pou dwa imigran**<sup>10</sup> lokal ou a. Pou plis enfòmasyon, kontakte nou nan [reply@nilc.org](mailto:reply@nilc.org) oswa konsilte resous ki annapre yo.

### **Lòt resous**

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo ak sou kòman pou w pi byen aji lè w rankontre ak ICE e ak lapolis, vizite [www.nilc.org/lawenf/](http://www.nilc.org/lawenf/).
- Pou w gen plis enfòmasyon konsènan dwa imigran yo parapò ak manifestasyon, vizite [www.nilc.org/demonstrations/](http://www.nilc.org/demonstrations/).
- Pou w jwenn yon avoka ki espesyalize nan kesyon imigrasyon:
  - Repètwa Nasyonal pou Sèvis Jiridik Imigrasyon (Immigration Advocates Network), <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>
  - Rechèch Avoka Imigrasyon (Immigration Advocates Network), <https://ailalawyer.com/>
  - Jwenn yon òganizasyon ki bay sèvis toupre w (Informed Immigrant), <https://www.informedimmigrant.com/service-organization-search/>
- Si lapolis oswa otorite imigrasyon kenbe ou menm oswa yon moun ou konnen an detansyon:
  - Resous pou fanmi ki an detansyon oswa ki a ris pou depòtasyon (Freedom for Immigrants), <https://www.freedomforimmigrants.org/for-immigrants>
  - Kontakte **gwoup pou defans dwa imigran**<sup>10</sup> lokal ou a.

<sup>1</sup> Prezans: <https://www.nbcnews.com/news/latino/federal-immigration-agents-detain-floyd-protester-n1226086>; siveyans: <https://www.nytimes.com/2020/06/19/us/politics/george-floyd-protests-surveillance.html>.

<sup>2</sup> Pou lòt konsèy sou kòman pou prepare w pou yon manifestasyon, konsilte lyen <https://www.wired.com/story/how-to-protest-safely-gear-tips/> ak <https://www.teenvogue.com/story/how-to-prepare-protest>.

<sup>3</sup> Pou w ka gen plis enfòmasyon sou dwa fotograf, konsilte lyen <https://www.aclu.org/know-your-rights/protesters-rights/#i-want-to-take-pictures-or-shoot-video-at-a-protest>.

<sup>4</sup> Pou lòt konsèy sou sekirite sou entènèt, konsilte lyen <https://unitedwedream.org/2020/06/top-6-digital-security-tips-for-undocu-folks/>.

---

<sup>5</sup> Pou enfòmasyon pou yon eta byen presi, konsilte lyen <https://www.ilrc.org/chart-stop-and-identify-state-statutes>.

<sup>6</sup> <https://www.ice.gov/news/releases/ice-implements-july-23-2019-expedited-removal-designation>.

<sup>7</sup> <https://immigrantjustice.org/know-your-rights/know-your-rights-ice-enforcement-actions-and-expanded-expedited-removal>.

<sup>8</sup> <https://www.ice.gov/doclib/ero-outreach/pdf/10029.2-policy.pdf>. Memorandòm ICE sou sit sansib yo deziyen sit pou manifestasyon piblik, mach, rasanbleman ak defile kòm “sit sansib” kote aktivite ki ankouraje aplikasyon lalwa (ki gen ladan l, arestasyon, entèvyou, fous ak siveyans imigrasyon) pa dwe rive.

<sup>9</sup> <https://www.nbcnews.com/news/latino/federal-immigration-agents-detain-floyd-protester-nyc-n1226086>.

<sup>10</sup> <https://www.informedimmigrant.com/service-organization-search/>.